



Nou ofri sèvis 24/24, 7/7.

Ale sou entènèt:

Vizite **nyc.gov/BusinessToolbox**.
Klike sou Aplike pou jwenn espplikasyon
pou soumèt aplikasyon lisans ou an sou
anliy.

OSWA

Eskane Kòd QR:



Lis Verifikasyon Aplikasyon pou Lisans Jeneral Vandè Atik Dezyèm Men

Kiyès ki Dwe Gen yon Lisans Jeneral Vandè Atik Dezyèm Men?

Yon moun oswa yon biznis k ap achte oswa vann atik dezyèm men, ki diferan ak machin nan vil New York lan dwe gen yon Lisans Jeneral Vandè Atik Dezyèm Men.

Deskripsyon sila a se yon eksplikasyon jeneral ki dwe gen yon Lisans Jeneral Vandè Atik Dezyèm Men.

Egzanpsyon: Moun k ap vann atik yo gen andedan kay yo ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi pa oblije gen yon Lisans Jeneral Vandè Atik Dezyèm Men.

Egzijans pou jwenn Lisans

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè yo (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) ap rejte demann ou an si ou pa bay dokiman ak enfòmasyon yo egzije yo:

- ☐ **Aplikasyon Debaz pou Lisans**
- ☐ **Nimewo Idantifikasyon pou Taks sou Lavant OSWA Nimewo Konfimasyon Aplikasyon**
Pou ou ka aplike pou yon Sètifika Otorizasyon nan objektif pou jwenn Taks sou Lavant yo, ale sou www.busessexpress.ny.gov.



- ☐ **Kopi Kontra Rekouvremman (pou touche dèt) \$1 000 dola, ki siyen jan sa dwe fèt la**
Kopi rekouvremman an dwe deziyen Vil New York lan antanke Detantè Sètifika a. Gen menm non konpayi a, non Doing-Business-As (DBA)(si genyen), ansanm ak adrès batiman an dwe menm lan nan tout dokiman yo. Ou dwe soumèt yon kopi resi kontra rekouvremman an ki montre kredi an te peye totalman epi li pa t ekspire anvan fen peryòd lisans lan.

Yon lis konpayi rekouvremman yo disponib nan nyc.gov/dcwp. Rechèch "konpayi rekouvremman yo." Lis ki sou sitwèb DCWP a pa detaye, epi DCWP an pa apwouve oswa rekòmande okenn konpayi rekouvremman an patikilye.

- ☐ **Anprent ak Frè Pwosesis**
Yon pwopriyetè endepandan, yon asosye jeneral, dirijan konpayi, direktè, manm yo, ak tout aksyonè ki gen plis pase 10% nan aksyon konpayi a dwe pran yon randevou pou fè anprent:
 - Ale sou <https://uenroll.identogo.com>
 - Rantre:
 - **Kòd Sèvis.** Antre 1585KT
 - **Idantifyan Ajans lan.** Antre nimewo ki soti nan Nimewo Aplikasyon an sèlman. Nimewo aplikasyon an sou resi w la oswa sou lèt konfimasyon w lan lè w aplike sou entènèt. *Egzanp: Pou nimewo aplikasyon 1234567-2023-AHIC la, antre sèlman 12345672023 kòm Idantifyan Ajans lan.*
 - Suiv enstriksyon yo epi peye frè obligatwa a (yo).

ENPÒTAN:

- Nenpòt moun ki bezwen pran anprent dijital li ta dwe pran yon randevou san pran tan pou ranpli egzijans sa a.
- ☐ **Otorite pou Aji - Atestasyon**
Obligatwa si yon lòt moun olye moun ki fè demann lisans lan dwe prepare epi soumèt aplikasyon sa a. Aplikan an dwe siyen aplikasyon lisans lan ansanm ak tout lòt fòm ki gen rapò yo.



☐ Frè pou Lisans

Peryòd Lisans: 2 Lane	Dat Ekspirasyon: 31 jiyè Ane Enpè	Frè pou Lisans:	
Si ou Depoze Aplikasyon Ou an Nan Dat Sa Yo:		Opsyon 1	Opsyon 2
Apati 1ye dawou nan yon ane enpè jiska 31 janvye nan yon ane pè		Peye \$340 pou yon lisans ki ekspire 31 jiyè nan lòt ane enpè a. <i>(Valid pou omwen 24 mwa.)</i>	
Apati 1ye fevriye nan yon ane pè jiska 31 dawou nan yon ane pè		Peye \$255 pou yon lisans ki ekspire 31 jiyè nan lòt ane enpè a. <i>(Valid pou omwen 18 mwa.)</i>	
Apati 1ye dawou nan yon ane pè jiska 31 janvye nan yon ane enpè		Peye \$170 pou yon lisans ki ekspire 31 jiyè nan lòt oswa menm ane enpè a. <i>(Valid pou omwen 12 mwa.)</i>	
Apati 1ye fevriye nan yon ane enpè jiska 31 out nan yon ane enpè		Peye \$85 pou yon lisans ki ekspire 31 jiyè nan menm ane enpè a. <i>(Valid pou omwen 6 mwa.)</i>	Peye \$425 pou yon lisans ki ekspire 31 jiyè nan ane enpè a ki vini aprè a. <i>(Valid pou omwen 30 mwa.)</i>

Peye pa mwayen:

- ☐ Kat Kredi (Visa, MasterCard, American Express, Discover Card sèlman)
(sou entènèt oswa an pèsòn)
Yo pral fè w peye yon ki pa ranbousab 2% Frè konvenyans.
- ☐ Chèk elektwonik *(sou entènèt)*
- ☐ Chèk oswa manda postal (money order) bay DCWP *(an pèsòn oswa pa lapòs)*



Mesaj Enpòtan sou Sètifika Biznis

Ou dwe gen yon Sètifika Biznis ki aplikab ki baze sou estrikti jiridik biznis ou an. Menmsi DCWP pa egzije w soumèt yon Sètifika Biznis nan objektif pou kontinye pwosesis aplikasyon w lan, DCWP ka mande w dokiman sila a dapre Seksyon 20-104 nan Règleman Administratif Vil New York la.

Pwopriyete endepandan ki ap fonksyone ak yon non ki diferan ak pa w la dwe gen yon Sètifika Biznis/Non Komèsyal.

Patenarya yo dwe gen yon Sètifika Patenarya epi, si sa aplikab, yon Sètifika Non Komèsyal pou biznis ou an.

Sosyete yo, Sosyete an Non Kolektif yo, Konpayi ak Responsabilite Limite yo, Patenarya ak Responsabilite Limite yo dwe anrejistre epi rete aktif nan Depatman Antrepriz Eta New York (New York State Division of Corporations). Ou kapab tcheke estati w nan www.dos.ny.gov/corps.

Lòt Pèmi/Lisans/Otorizasyon Ou ta Kapab bezwen nan Vil lan oswa Eta a

Si ou menm oswa biznis ou an planifye pou vann telefòn, ekipman odyo, ekipman videyo, ekipman fotografi, òdinatè oswa ekipman pou òdinatè, oswa kalkilatri, sa kapab rive yo mande pou ou gen yon lisans *Magazen Aparèy Elektwonik* DCWP bay.

Si ou menm oswa biznis ou an planifye pou repare oswa bay sèvis, aksepte pou fè reparasyon oswa bay sèvis lan yon lòt kote, aparèy elektwonik epi/oswa aparèy pou kay, ou dwe gen lisans *Revandè Sèvis Aparèy Elektwonik ak Aparèy pou Kay* DCWP bay.

Si ou menm oswa biznis ou an planifye pou prete lajan oswa prete lajan sou byen pèsònèl, ou dwe jwenn yon lisans kòm moun k ap *Prete sou Gaj* nan DCWP.

Si ou menm oswa biznis ou an planifye pou vann, achte, oswa aksepte fè echanj machin dezyèm men yo, ou dwe jwenn tou yon lisans *Vandè Machin Dezyèm Men* nan men DCWP.



Ou gen kesyon? Nou la pou ede ou!

- Imèl: onlineappsdocs@dcwp.nyc.gov
- Telefòn: (212) 487-4060 (Lendi - Vandredi, 8 a.m. – 4 p.m.)

Sèvis Entèpretasyon Gratis Anliy yo disponib sou plas. Pou fè yon demann akomodasyon ki gen pou wè ak andikap, ale sou nyc.gov/dcwp epi chèche "akomodasyon" oswa voye yon imèl bay Kowòdonatè DCWP Pou Lwa Ameriken sou Moun ki Andikape (ADA) nan DCWPADACoordinator@dcwp.nyc.gov.

Lòt Resous pou Vandè Jeneral Atik Dezyèm Men yo

- Pou konnen lwa ak règ ki kapab ajè sou biznis ou an, vizite nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou Lis Verifikasyon Enspeksyon: Vandè Atik Dezyèm Men, vizite nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou jwenn enfòmasyon ki pou ede biznis ou an louvri, fonksyone ak devlope, vizite nyc.gov/business.